



Pou Piblikasyon Imedya: 01/10/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO PIBLIYE MATERYÈL FINAL AK DIREKTIV SOU LWA
PREVANSYON ASÈLMAN SKSYÈL NAN NEW YORK**

***Pake Asèlman Seksyèl Ki Ap Mennen nan Nasyon an nan yon Inisyativ Siyati nan
Kalandriye Fanm pou New York 2018: Dwa egal ego, Opòtinite egal ego***

***Tout Anplwaye K ap Travay nan Eta New York Dwe Resevwa Fòmasyon sou
Asèlman Seksyèl***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodia [piblikasyon](#) materyèl finalize direktiv sou lwa prevansyon asèlman seksyèl nan New York, li te vin annapre yon peryòd kòmantè piblik ki [te kòmanse](#) 23 Out. Eta a te resevwa ak egzamine plizyè santèn kòmantè konstriktif ak enpòtan ki soti nan yon latriye endividi, moun k ap fè pledwaye, endistri, gwoup travayè, anplwayè ak òganizasyon biznis.

“Alòske gouvènman federal la inyore plizyè fwa vwa fanm k ap pale kont flewo vyolans seksyèl, nan New York n ap fè aksyon”, **Gouvènè Cuomo te deklare**. “N ap fè tout bagay ki nan pouvwa nou pou nou brize asèlman seksyèl epi asire nou ke yo abòde konduit inapwopriye nan espas travay rapidman ak kòrèkteman. Règleman sans komen sa a pral ede anplwaye ak anplwayè yo konnen dwa yo ak responsablite yo epi ede ranfòse yon pake ki pi solid kont asèlman seksyèl nan nasyon an.”

“Imaj Anita Hill ki te flache devan nasyon an semèn sa a se te yon rapèl sonb ke pandan twò lontan, fanm yo te andire asèlman nan espas travay yo”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare**. “Antanke fanm ra ki eli, mwen konnen ke genyen plis bagay ki ka fèt pou chanje kilti a epi kreye yon anviwònman kote fanm ka parèt devan sèn nan epi jwenn moun kwè yo. Se sa n ap fè nan New York ak inisyativ prensipal sa yo nan nasyon an ki pral asire sekirite viktim yo ak yon anviwònman ki pote sekirite pou tout anplwaye nan espas travay la. Direktiv ak pwogram fòmasyon sa yo pral disponib pou anplwayè nan tout eta a, sa ki pral konstwi sou efò pou ranfòse opòtinite egal nan espas travay la.”

Melissa DeRosa, Sekretè Gouvènè an e Prezidan Konsèy Eta New York sou Fanm ak Ti Fi (New York State Council on Women and Girls), te deklare, “Atravè nasyon an, fanm ak kanpe pou pale sou asèlman seksyèl ak abi. Nan New York, n ap tandè, epi n ap montre chemen an devan. Lwa sou asèlman seksyèl New York la se li ki pi fò

nan nasyon an pou konbat asèlman seksyèl ak vize dirèkteman kilti sekrè, dominans ak pouvwa inegalite ki pèmèt asèlman seksyèl pwospere”.

Nan dat 12 Avril, Gouvènè Cuomo te siyen pou vin tounen lwa Bidjè Eta New York 2019 lan, ki gen ladan pake asèlman seksyèl ki pi djanm epi pi global nan nasyon an. Pake sa a te yon pwopozisyon siyati ki soti nan Kalandriye Fanm pou New York (Women's Agenda for New York) 2018 li an: Dwa egal ego, Opòtinite egal ego (Equal Rights, Equal Opportunity). Nouvo Lwa

- Anpeche patwon yo itilize yon pwovizyon arbitraj obligatwa nan yon kontra travay ki an relasyon a asèlman seksyèl;
- Mande ofisye ak anplwaye yo ki nan eta a oswa nenpòt antite piblik yo pou yo ranbouse eta a pou nenpòt peman leta oswa piblik ke yo te fè apre yon jijman pou move zak entansyonèl ki an rapò ak asèlman seksyèl;
- Asire ke yo kapab itilize akò pou pa fè divilgasyon yo sèlman lè kondisyon konfidansyalite an se preferans eksplisit viktim lan; epi
- Amende lwa Dwa Moun (Human Rights Law) pou pwoteje antrepriz, antrepriz segondè, machann, konsiltan oswa lòt antite ki ap bay sèvis nan espas travay yo kont asèlman seksyèl nan espas travay lan.
- Etabli estanda miminòm pou politik ak fòmasyon pou prevansyon asèlman seksyèl pou anplwayè yo. Tout anplwaye k ap opere nan Eta New York gen obligasyon pou swa adopte epi sèvi ak modèl règleman Eta a ak fòmasyon jan li ye a, oswa pou sèvi ak yon modèl pou etabli pwòp règleman ak fòmasyon pa yo. Tout Anplwaye K ap Travay nan Eta New York Dwe Resevwa Fòmasyon sou Asèlman Seksyèl rive nan dat 9 Oktòb 2019 oswa avan sa.

Yo ap pibliye atik sa yo jodi a:

- Sitwèb aktyalize ak resous pou anplwayè, anplwaye, antrepriz eta ak sib asèlman seksyèl
- Règleman modèl prevansyon aktyalize asèlman seksyèl
- Modèl aktyalize fòmilè plent pou asèlman seksyèl
- Modèl aktyalize fòmasyon (liv maniskri ak prezantasyon PowerPoint)
- Estanda miminòm aktyalize pou politik ak fòmasyon pou prevansyon asèlman seksyèl pou anplwayè yo
- Kesyon yo Poze Souvan Aktyalize

Bwat zouti pou anplwayè ak anplwaye ak yon postè règleman prevansyon asèlman seksyèl ki fèt epi ki disponib.

Materyèl fòmasyon ak règleman yo disponib nan fòma Word ak PowerPoint kote sa aplikab, pou pèmèt anplwayè a pèsonalize li. Anplis, Eta a pral tradui materyèl sa yo nan Panyòl, Chinwa, Koreyen, Ris, Italyen, Polonè, ak Kreyòl Ayisyen, epi kreye yon videyo fòmasyon, tou sa pral pibliye nan yon avni pwòch sou entènèt sou:

www.ny.gov/programs/combating-sexual-harassment-workplace.

Eta a pral ofri ni fòmasyon fas a fas ni seminè sou entènèt pou ede anplwayè yo konprann nouvo egzijans yo. Yon orè evènman sa yo pral anonse nan yon avni pwòch

sou entènèt sou: www.ny.gov/programs/combating-sexual-harassment-workplace, kote vizitè yo gendwa ajoute non yo sou lis la pou resevwa mizajou sou règleman prevansyon asèlman seksyèl eta a.

Aksyon sa yo ap ajoute sou rekò Gouvènè a genyen nan ogmantasyon pwoteksyon yo epi asire opòtinite egal ego nan espas travay yo. An Avril, Gouvènè a [te pwopoze](#) pwojè lwa ki elabore pou mete New York sou wout pou konble vid salaryal ki baze sou sèks lan lè li entèdi tout patwon piblik ak prive yo ki ap fè biznis nan Eta New York yo mande anplwaye evantyèl yo kesyon sou antesedan ak konpansasyon salaryal yo. Pwojè lwa sa a ajoute sou de [dekrè egzekitif](#) ke Gouvènè a te siyen ane pase, ki te entèdi antite leta yo evalye kandida baze sou antesedan salaryal yo epi egzije antrepriz leta yo divilge enfòmasyon sou sèks, ras ak etnisite anplwaye yo - ki ap byen itilize lajan kontribiyab yo pou favorize transparans epi pwopoze ekite salaryal atravè eta a.

An 2017, Gouvènè Cuomo te mande Depatman Travay la (Department of Labor) pou li etidye kòz, kad ak enpak ekonomik eka onivo salè fanm ak gason nan Eta New York, epi bay rekòmandasyon onivo règleman pou ede konble eka sa a. Rapò an, ki disponib [isit la](#), esplike sitiasyon eka onivo salè fanm ak gason nan New York, ki gen ladan etandi li nan diferan nivo ekonomik e nan tout rejyon nan eta a.

“Asèlman seksyèl vini sou plizyè fòm - ni sou fòm ouvè oswa an soudin. Donk puiske nenpòt konduit ki gen yon nati seksyèl ki rann yon anplwaye mal alèz gen potansyèl pou yo konsidere li kòm asèlman seksyèl, nou dwe kontinye eksplòre fason pou anpeche sa”, **se sa Komisè Travay Eta New York la Roberta Reardon te deklare.** “Pandan n ap devlope pake règleman solid sa a n ap konstwi dosye Eta New York pandan n ap asire opòtinite egal nan espas travay epi amelyore lavi travayè yo.”

Komisè Divizyon Dwa Zimen (Division of Human Rights), Helen Diane Foster, te di konsa, “Kounye a anplwayè piblik ak prive genyen direktiv konkrè sou kijan pou abòde plent asèlman seksyèl yo. Men pi enpòtan toujou, agresè seksyèl yo pa ka konntinye kache dèyè abitraj obligatwa ak akò ki pa pibliye”.

Pou plis enfòmasyon ak resous, tanpri vizite: www.ny.gov/programs/combating-sexual-harassment-workplace.

###

W'ap jwenn lòt nouvel ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)